

**VIL NEW YORK**  
**BIWO OPERASYON MAJISTRA A**  
**AVI POU YON ODYANS PIBLIK AK PERYÒD KÒMANTÈ PIBLIK**  
**PLAN DAKSYON ANYÈL YO PWOPAZE POU ANE 2022 A**

POU TOUT AJANS, KONSÈY KOMINOTÈ, GWROUP AK MOUN KI ENTERESE YO:

Konfòmman ak règleman 24 CFR 91.105 nan Plan Konsolide Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development, HUD) peyi Etazini an konsènan patisipasyon sitwayen yo, Biwo Operasyon Majistra a (Mayor's Office of Operations), ansanm avèk ajans ki responsab pou aplike *Plan Daksyon Anyèl (Annual Action Plan)* Vil New York la pwograme yon:

**Odyans Vityèl pou Mèkredi 20 Jiyè 2022 apati 2:00pm rive 3:00pm pou Plan Daksyon Anyèl yo Pwopaze pou Ane 2022 a.**

**Peryòd Kòmantè Piblik ki dire 30 jou konsènan Plan Daksyon Anyèl yo Pwopaze pou Ane 2022 a se Vandredi 1<sup>er</sup> Jiyè 2022 – Samdi 30 Jiyè 2022.**

Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD) peyi Etazini an egzije *Plan Daksyon Anyèl* yo Pwopaze a. Li konsolide egzijans règlemantè Estrateji Konplè pou Aksesibilite nan Lojman (Comprehensive Housing Affordability Strategy) ki nan Lwa Lojman Cranston-Gonzalez la, ansanm ak aplikasyon anyèl Vil la pou kat pwogram pou admisibilite Biwo HUD pou Planifikasyon ak Devlopman Kominotè (HUD Office of Community Planning and Development) yo: Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè (Community Development Block Grant, CDBG), Patenarya Envestisman HOME (HOME Investment Partnerships), Sibvansyon pou Solisyon Ijans (Emergency Solutions Grant, ESG), ansanm ak Opòtinite pou Lojman pou Moun ki gen SIDA (Housing Opportunities for Persons with AIDS, HOPWA).

Plan Daksyon yo Pwopaze a pa sèlman sèvi kòm aplikasyon Vil la pou fon yo, men li sèvi tou kòm aplikasyon pou sibvansyon HOPWA pou Zòn Estatistik Metwopoliten HOPWA ki Elijib (HOPWA EMSA) a. Nan kòmansman Ane Fiskal Federal (Federal Fiscal Year, FFY) 2022 a, HOPWA EMSA pral gen ladan l senk awondisman yo nan Vil New York aplis twa konte nan nan nò eta New York (Westchester, Rockland ak Putnam).

Pandan Ane Pwogram 2022 a, Vil la te resevwa \$304,212,902 kòm fon pou admisibilite pou kat pwogram sibvansyon fòmil HUD yo: \$166,259,543 pou CDBG; \$81,327,120 pou HOME; \$41,777,058 pou HOPWA; ak \$14,849,181 pou ESG.

Yo pwograme Odyans Piblik la pou jwenn kòmantè sou plan yo pwopaze a ak sou fason Vil la itilize fon federal yo pou adrese bezwen lojman, sèvis pou sanzabri, sèvis lojman avèk sipò ansanm ak devlopman kominotè, pwomosyon pozitif sou lojman ekitab, ak elaborasyon aktivite yo pwopaze yo.

Pou gen aksè ak plan sa a, tanpri, ale sou paj nou an nan: <https://www1.nyc.gov/site/operations/projects/consolidated-plan.page>.

Ou dwe voye tout kesyon sou Plan Konsolide (Consolidated Plan) Vil New York la bay Lisa Rambaran, Jesyonè Pwogram (Program Manager) Plan Konsolide Vil New York la, [conplannyc@cityhall.nyc.gov](mailto:conplannyc@cityhall.nyc.gov).

Tanpri, enskri pou w nan lis imèl nou an lè w voye yon imèl ban nou nan [conplannyc@cityhall.nyc.gov](mailto:conplannyc@cityhall.nyc.gov).

Si w pa kapab gen aksè ak imèl, tanpri, soumèt enfòmasyon kontak ou alekri. **Ou ka soumèt kòmantè yo bay [conplannyc@cityhall.nyc.gov](mailto:conplannyc@cityhall.nyc.gov) oswa pa lapòs nan adrès ki annapre a:**

Lisa Rambaran  
Mayor's Office of Operations  
253 Broadway 10<sup>th</sup> Floor  
New York, New York 10007

**Biwo Operasyon Majistra NYC a ap envite w nan yon reyinyon yo pwograme sou Zoom.**

**Sijè: Plan Konsolide: Plan Daksyon Anyèl 2022 | Odyans Piblik Vityèl  
Lè a: 20 Jiyè 2022 02:00 PM Lè Zòn Lès (Etazini ak Kanada)**

Rantre sou Reyinyon Zoom nan  
<https://us06web.zoom.us/j/85386079227>

Nimewo Idantifikasyon (ID) pou Reyinyon an: 853 8607 9227  
Aksè rapid ak yon sèl touch  
+16465588656,,85386079227# US (New York)  
+13126266799,,85386079227# US (Chicago)

Konpoze nimewo a selon kote w ye a  
+1 646 558 8656 US (New York)  
+1 312 626 6799 US (Chicago)  
+1 301 715 8592 US (Washington DC)  
+1 253 215 8782 US (Tacoma)  
+1 346 248 7799 US (Houston)  
+1 720 707 2699 US (Denver)

Nimewo Idantifikasyon IID) pou Reyinyon an: 853 8607 9227  
Jwenn nimewo lokal ou a: <https://us06web.zoom.us/j/85386079227>

Vil New York: Eric Adams, Majistra  
Dan Steinberg, Direktè, Biwo Operasyon Majistra a

Dat: 24 Jen 2022